

	Depatman Radyoloji
Fèy Preparasyon Doub PET/CT ak CT	Mas 2025 Rev 12

Fèy Preparasyon Doub Eskanè PET/CT ak CT

Yo pwograme pou w fè de eskanè diferan nan menm jou a: yon eskanè PET/CT ak yon eskanè CT Dyagnostik.

24 èdtan anvan eskanè w lan:

- Kenbe yon rejim alimantè tikras kaboyidrat, epi anpil pwoteyin. Pa pran anyen sikre epi pa pran anyen ki gen lanmidon. PA pran pen, PA pran pasta, PA pran diri, PA pran pòm detè, PA pran fwi, epi PA pran sik.
- Manje pwoteyin tankou vyann, poulè, pwason, elatriye. Ou ka manje tou legim, ze, salad (sèvi sèlman ak lwil oliv ak vinèg kòm vinegrèt), epi fwomaj.
- Bwè anpil **dlo òdinè** jiska anvan lè randevou w lan.
- Evite fè twòp egzèsis nan lavèy ak nan jou eskanè w lan pou evite kranp nan misk.
- **Pa fimen / vape oswa konsome alkòl pandan 24 èdtan anvan eskanè a.**

6 èdtan anvan eskanè w lan:

- Pa manje ni pa bwè anyen apa de **dlo òdinè**. Pa bwè kafe.
- Si w gen yon randevou nan apremidi, ou ka pran yon dejene "lejè, ki gen Anpil Pwoteyin/Kab ki Ba" 6 èdtan. anvan tan eskanè ou a.
- Pa konsome chiklèt, sirèt, pastiy pou tous, ni mant.
- Kontinye pran tout medikaman yo nòmalman, alesepsyon ensilin.
- Pasyan dyabetik yo dwe sispann itilize ensilin 6 èdtan anvan egzamen an.
Ou ta dwe sispann pran tout medikaman oral pou dyabetik nan jou egzamen an epi ou pa ta dwe pran yo jiskaske egzamen an fini.
- Ponp ensilin yo dwe fèmen pandan 6 èdtan anvan lè pou piki a.
- Pote nenpòt medikaman yo preskri pou anksyete nan egzamen an epi enfòmè teknolojis la.
- Mete rad ki konfòtab, cho san metal. San zip, bouton presyon, ni bouton metal.
- Soutyen espò rekòmande pou medam yo. Pa mete soutyen ki gen fil amati, si sa posib. Retire tout bijou. Pa mete zanno, kolye, mont, oswa bag.

	Depatman Radyoloji
Fèy Preparasyon Doub PET/CT ak CT	Mas 2025 Rev 12

N ap ba w machaswiv pou w bwè Baryòm lan lè w pran randevou w, men sa ki annapre la yo se yon rapèl machaswiv sa yo.

1. Si doktè w te preskri yon CT nan vant sèlman:
 - a. Pa bwè Baryòm lan, men pote boutèy la avèk ou. Teknolojis la ap fè w bwè l kòmsadwa.
2. Si doktè w te preskri yon CT nan Basen sèlman:
 - a. Bwè yon boutèy Baryòm 1 èdtan anvan randevou w lan.
 - b. Pote dezyèm boutèy la avèk ou epi pale ak teknolojis la
3. Si doktè w te preskri yon CT konbine nan Vant ak Basen:
 - a. Bwè Premye boutèy Baryòm lan 1 èdtan anvan randevou w lan.
 - b. Pote dezyèm boutèy la avèk ou epi pale ak teknolojis la.

Tanpri rele Depatman Radyoloji a epi mande pou w pale avèk yon Teknolojis pou nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Pasyan an peze plis pase **350** liv.
- Pasyan an nan yon chèz woulant oswa sou yon branka, epi li pa ka kanpe san sipò.
- Pasyan an prevwa pou l bò kote fanm ansent oswa timoun piti pandan peryòd 24 èdtan yo apre eskanè a.
- Pasyan an fè alèji ak YÒD KONTRAS oswa li te gen nenpòt konplikasyon nan eskanè CT anvan yo.
- Yo prevwa pou pasyan an mete yon “**Aparèy pou Siveyans Glikoz**” oswa yon “**Enjektè Kòporèl Neulasta**” nan moman eskanè a.

Enfòmasyon Jeneral:

- Yon **eskanè PET/CT** egzamine avèk efikasite aktivite metabolik selil ou yo. Li ka idantifye ki kote kansè a ye, nan ki pwen li gaye, epi si li reponn ak tretman an.
- Yon **eskanè CT Dyagnostik** pral kreye imaj trè detaye ak egzat nan estrikti yo andedan kò w. Yo souvan itilize l pou idantifye gwosè, fòm, ak anplasman ògàn ou yo, epi yo ka itilize l tou pou idantifye nenpòt sit twomatis ak timè.
- Ou pral resevwa yon piki ak yon pwodui famasetik radyoaktif abaz sik, ki an sekirite konplètman epi ki pa gen okenn efè segondè. Sa pran 1 èdtan pou pwodui famasetik radyoaktif la absòbe nan kò w, kidonk ou pral detann ou nan yon zòn trankil.
- Sa pran apeprè 30 minit pou yo fè yon eskanè PET/CT, epi eskanè CT dyagnostik ou an ap swiv imedyatman apres. Tout pwosesis la pran apeprè 2 zèdtan, kidonk tanpri, planifye kòmsadwa.